



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI KONSÈY RÈGLEMAN OPYOYID LA SOTI 19 POU PASE A 21 MANM

### *Gouvènè a anonse de nouvo nominasyon*

Aprè Gouvènè Kathy Hochul te fin siyen lejislasyon ki elaji Konsèy Règleman Opyoyid la soti 19 manm pou pase a 21 manm jodi a, li te anonse de nominasyon li yo nan konsèy la.

"Pandan n ap soti anba pandemi COVID-19 la, nou dwe angaje pou diminye risk enpak pandemi opyoyid la tou ke Nouyòkè yo te andire pandan anpil ane," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se poutèt sa m ap nonmen Anne Constantino ak Debra Pantin, de sèvitè piblik ki devwe epi kalifye pou travay avèk mwen pou bay rezilta pou amelyore prevansyon, tretman, ak rekiperasyon pou Nouyòkè ki bezwen sipò yo".

**Anne Constantino** te nonmen nan **Konsèy Règleman Opyoyid la**. Madmwazèl Constantino se Direktris Egzekitif ak PDG Horizon Health Services, epi li te travay nan Horizon depi 1986 kote li te kòmanse kòm Prezidan Direktè Jeneral. Antanke PDG, Madmwazèl Constantino te konnen yon ekspansyon nan sèvis yo nan Lwès New York. Kòm rezilta ekspansyon an, Horizon Health Services te grandi epi li tounen youn nan pi gwo founisè sèvis tretman ak sipò sante mantal nan Lwès New York. Madmwazèl Constantino se yon Nouyòkè Lwès, ki te gradye nan Buffalo State (BA) ak SUNY Buffalo (MS). Madmwazèl Constantino aktif nan kominote li a epi li nan plizyè konsèy tankou: Manm Komite Egzekitif, Chanm Komès Amherst: Komite Egzekitif, Founisè Sèvis kont Adiksyon Eta NY (NYS Addiction Services Providers) Kowalisyon pou Sèvis Kominotè (Coalition for Community Services), Yon rezo ajans tretman SUD New York.

**Debra Pantin** te nonmen nan **Konsèy Règleman Opyoyid la**. Madmwazèl Pantin se Direktè Egzekitif ak PDG Outreach Development Corporation ki sitiye nan Richmond Hill, New York. Antanke PDG, Madmwazèl Pantin konsantre pou itilize 30 ane eksperyans nan domèn tretman toksikomani ak sante mantal. Madmwazèl Pantin se yon travayè sosyal de pwofesyon ki gen yon antesedan ki elaji nan edifikasyon kominote ak emelyorasyon rezilta. Pandan li t ap travay kòm PDG VIP Community Services nan Bronx, Madmwazèl Pantin te kapab ede sipèvize kwasans san presedan nan ajans operasyon yo. Yo te kolekte finansman soti 21 milyon a 30 milyon dola sou sipèvizyon li. Madmwazèl Pantin se Prezidan Founisè Sèvis Alkopolis ak Toksikomani

Eta New York (Alcoholism and Substance Abuse Providers of New York State, ASAPNYS) ak Prezidan Konsèy Administrasyon Mental Health News Education. Li patisipe nan divès konsèy nasyonal, lokal ak nan eta a, epi li te Ko-Prezidan Komite Trètman kont Toksikomani an (Substance Abuse Treatment Committee) anvan pou Kowalisyon Ajans Sante Konpòtmantal yo (Coalition of Behavioral Health Agencies).

Asosyasyon Konte Eta New York la (New York State Association of Counties, NYSAC) te fè twa rekòmandasyon pou nominasyon nan Konsèy Règleman Opyoyid la ki nan revizyon aktyèlman.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)